



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 20 desanm 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RE-OUVÈTI TIB MONTAG, TREN R PARE POU REPRANN SÈVIS ANT BROOKLYN AK MANHATTAN

Gwo lyezon ant awondisman yo restore pou pik vandredi maten

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia apre plis pase yon mwa travay 24/24 nan youn nan seksyon sistèm transpò MTA siklòn lan te pi ravaje yo, tren R pare pou reprann sèvis nan Tib Montague la, ki konekte Brooklyn Heights ak ba Manhattan.

Sèvis sou Liy R la fonksyone sèlman ant 34th Street ak Whitehall Street depi 3 desanm. Sepandan, avèk Tib Montague la kap ouvri ankò, sèvis tren R pral kòmanse opere ant Jay St – MetroTech ak Whitehall St. alè pou pik demen maten yo.

“Pandan tout semenn sa yo, Liy Lexington Avenue an sichaje. Moun Staten Island blije jwenn lòt wout pou ale midtwon epi kliyan metwo nan Bay Ridge te andire vwayaj ak transfè pi long,” te di Gouvènè Cuomo. “Retablisman tout longè wout R la se yon gwo reyalizasyon ki pral retire kèk presyon sou 65.000 vwayajè ki itilize liy sa chak jou.”

“Ak retablisman sèvis tren nan Tib Montague la, nou te fè yon lòt pa an avan nan restore sistèm metwo a nan eta li te ye anvan siklòn lan li,” te di Prezidan MTA New York City Transit, Thomas F. Prendergast. “Se te yon travay long epi difisil ki te mande ranplasman pyès ak rekonstriksyon sistèm lan anvan tren yo te kapab rekòmanse woule.”

Lyezon anba rivyè a te kraze akòz domaj mas dlo sale kowozif te koze, sa ki te kite vwa, siyal ak pyès elektrik yo sibmèje pandan plizyè jou. Dlo inondasyon te monte plis pase 4.000 pye, sa ki te mande pompaj 27 milyon galon dlo ak netwayaj plizyè tòn debri ki te soti nan tinèl yo. Domaj majè te fèt nan alimantasyon ak kontwol elektrisite nan yon chamm pomp, epi de izin vantilatè te pèdi lè pyès ak kontwòl pou pomp ak vantilatè sa yo te kraze seryezman.

Sistèm elektrik ak siyalizasyon te dwe rekonstwi pratikman apati de anyen, sa ki gen ladan kabla, relè, sikwi vwa yo, motè stop limyè ak lòt ekipman ki asosye ak depasman san danje tren metwo yo.

Alòske ase travay te fèt pou reprann sèvis tren san danje, sispansyon tanporè sèvis pral nesesè alvavni pou pèmèt travayè kontinye fè reparasyon pèmanan. Kèk nan travay sa ka fèt nan kad FASTRACK men pi fò travay la pral mande sispansyon sèvis limite nan sèmenn ak mwa kap vini yo.

De zòn sistèm metwo a toujou pap fonksyone---liy A ant Howard Beach ak Rockaways ak Liy No.1 nan sid Rector Street Station nan ba Manhattan. Travay ap kontinye tou de kote yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418